# Qaratereń kólindegi «Sholaq jayın» haqqında bilesiz be?

Aral teńizine shólkemlestirilgen press-tur dawamında bizge joldaslıq qılǵan Amir aǵa menen jol qısqarsın dep sáwbetles boldıq. Jaslıǵınan balıqshılıqqa qızıǵıwshılıǵı sebepli kóplegen kóllerde balıq awlap, qızıqlı waqıyalardıń gúwası bolǵan Amir aǵa bizgede bir waqıyanı aytıp berdi. Ílaqa balıq ózi jasap atırǵan suwınıń muǵdarı, onıń pataslanıwı hám shorlanıwı menen baylanıslı maǵlıwmatlardı aldınnan seziw xarakterine iye balıq esaplanadı. Egerde kólde suw azaysa, quyrıǵın tislep alıp, domalap basqa kólge kóship ótedi eken. Bul haqqında erterekte de esitkenbiz.

Image not found or type unknown

«1960-jıllarda Aral teńizinde «Sholaq jayın» degen balıq jasaǵan. Onıń sholaq jayın dep atalıwınıń sebebi, qandayda bir sebep bolıp bir qalashınan ayırılǵan.  Araldıń suwınıń qaytıp baslaǵanın ańlaǵan «Sholaq jayın» 1967-jılda quyrıǵın tislep dóńgelek bolıp aladı dá, Taxtakópir rayonındaǵı «Qara tereń» kóline kelip túsedi. «Qarań tereń kóliniń tereńligi 70 metrge shamalas bolıp jayınnıń jasawı ushın oǵada qolaylı. Sonıń menen birge onıń astında bulaq bolǵanlıǵı sebepli suwı tazarıp turadı eken. Men ózim tórt mártebe «Sholaq jayın»dı kórgenmen. Arqası qara júdá úlken, uzınlıǵı 5-6 metrden kem emes. Suwdıń betine shıǵıp 2-3 minut dem aladı, soń qayta kóldiń túbine túsip ketedi. Balıqshılar onı uslaw ushın júdá kóp háreket etken, hátte mıltıq penen atıpta kórgen. Degen menen onı uslaw hesh kimge nesip etpegen. Aqırǵı ret 2004-jılda Qaratereńge barǵanımda kórdim. Anıq sol, «Sholaq jayın». Biraq usı waqıtqa shekem onıń birde-bir qayıqqa ya balıqshıǵa topılǵanın esitpedim. -deydi sáwbetlesimiz.